



# Konnen dwa ou

**Tout moun Ozetazini, kit se sitwayen oswa ki pa sitwayen ameriken, gen sèten dwa dapre Konstitisyon Ameriken an ak lòt lwa.**

- Ou gen dwa refize konsantman pou imigrasyon oswa lapolis pou fouye tèt ou, machin ou oswa lakay ou.
- Ou gen dwa rete an silans. Si ou vle egzèse dwa sa a, ou ta dwe di li byen fò.
- Si w pa yon sitwayen ameriken, ou gen dwa rele konsila peyi w. Imigrasyon ak lapolis dwe kite konsila w la vizite oswa pale avèk ou.
- Ou gen dwa pale ak yon avoka anvan ou reponn nenpòt kesyon. Ou ka di, "Mwen pral rete an silans jiskaske mwen pale ak yon avoka."
- Ou pa oblije siyen anyen ou pa konprann.
- Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi tout papyè imigrasyon w yo.

**Sèvi ak fraz sa yo pou egzèse dwa konstitisyonèl ou si lapolis oswa imigrasyon poze w kesyon:**

**Mwen vle pale ak yon avoka anvan m reponn nenpòt nan kesyon w yo.**

**Mwen la vle pale avè w oswa reponn kesyon w, m ap egzèse dwa konstitisyon etazini an ban mwen selon 5yèm Amandman an pou m rete an silans.**

**Mwen pa ba w otorizasyon pou w antre lakay mwen sof si w gen yon manda pou w antre, yon jij oswa yon majistra siyen ki gen non m ladan l epi w glise l ban mwan anba pòt la.**

**Mwen pa ba w otorizasyon pou w fouye okenn bagay mwen posede selon dwa 4triyèm Amandman an ban mwen.**

**Telechaje epi sove li sou telefòn ou.**



**Aprann plis sou dwa ou yo.**

